



Règleman Tranzisyon 2026 pou Pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon nan Humana Pati D

IDKontra:

H0028, H0065, H0292, H0473, H0783, H0963, H1019, H1036, H1396, H1468, H1951, H2029, H2237, H2463, H2486, H2875, H3533, H4007, H4141, H4329, H4461, H4623, H4939, H5178, H5216, H5377, H5525, H5619, H5970, H6622, H7209, H7284, H7617, H8145, H8908, R0110, R1532, R4182, R5361, R5826, R7220, S5884

Humana vle asire manm tankou w jwenn medikaman ou bezwen nan ane plan k ap vini an. Apati 1ye janvyè 2026, ou ka pa kapab jwenn medikaman w ap resevwa kounye a si:

- Medikaman an pa sou lis ki apwouve nou an, oubyen
- Nou bezwen apwouve l davans

Si medikaman w lan pa sou lis ki apwouve nou an oubyen si nou bezwen apwouve l davans, ou ka kontinye resevwa medikaman w lan pandan yon ti tan. Se sa a yo rele yon rezèv pou tranzisyon.

Ou pa ka jwenn yon rezèv pou tranzisyon pou kèk medikaman. Men kèk egzanp dwòg sa yo:

- Medikaman kote nou bezwen detèmine si yo kouvri nan Pati A oswa Pati B, olye Pati D.
- Medikaman ki ka pa kalifye pou pwoteksyon Pati D. Nou ka bezwen konnen pou kisa w ap itilize medikaman w lan anvan nou ka kouvri l.
- Medikaman kote nou ka bezwen enfòmasyon pou nou konnen si w ap itilize yo yon fason ki san danje.

Rezèv pou tranzisyon yo bay yon sèl fwa nan yon famasi ki vann an detay oswa nan yon famasi kòmanm pa lapòs

Apati 1ye janvyè 2026, lè ou gen kapasite limite pou ou resevwa terapi preskripsyon aktyèl ou a:

- Humana ap kouvri yon rezèv medikaman Pati D ki kouvri pou 30 jou yon sèl fwa, *sof si* preskripsyon an ekri pou mwens pase 30 jou (nan ka sa a Humana ap pèmèt plizyè ranplisaj pou bay jiska yon total 30 jou medikaman) pandan premye 90 jou kalifikasyon w lan pou ane plan aktyèl la, oswa pandan premye 90 jou enskripsyon w lan. L ap kòmanse apati dat pwoteksyon an antre anvigè a, lè w ranpli terapi preskripsyon aktyèl ou a nan yon famasi ki vann an detay oubyen yon famasi kòmanm pa lapòs. Humana ap bay renouvèlman pou preskripsyon tranzisyon yo bay yon kantite ki mwens pase kantite ki ekri a akòz limit kantite pou rezon sekirite oswa modifikasyon nan itilizasyon medikaman selon etikèt ki apwouve pou pwodwi a.
- Apre ou fin resevwa yon rezèv medikaman tranzisyon, w ap resevwa yon lèt ki eksplike nati tanporè medikaman tranzisyon an. Apre ou fin resevwa lèt la, pale ak moun ki ba w preskripsyon an epi deside si ou ta dwe chanje ale nan yon lòt

medikaman oswa mande yon eksepsyon oswa yon otorizasyon alavans. Humana ka pa peye pou renouvèlman rezèv medikaman tanporè toutotan yo pa mande epi apwouve yon eksepsyon oswa yon otorizasyon alavans.

Rezèv pou Tranzisyon pou Rezidan Etablisman Swen Alontèm yo

Humana ede manm ki nan etablisman swen alontèm ki fè tranzisyon ant plan, ki gen avantaj Medicare ak Medicaid konplè, oubyen ki soumèt yon eksepsyon oubyen yon demann apèl. Pou rezidan swen alontèm yo, Humana ap kouvri yon rezèv pou 31 jou *sof si* preskripsyon an ekri pou mwens pase 31 jou (nan ka sa a Humana ap pèmèt plizyè ranplisaj pou bay jiska yon total 31 jou medikaman) pou yon medikaman Pati D ki kouvri. Yo ofri pwoteksyon sa a nenpòt lè pandan premye 90 jou ou kalifye pou ane plan aktyèl la oswa pandan premye 90 jou enskripsyon w lan, ki kòmanse nan dat pwoteksyon w lan antre anvigè, lè yo ranpli terapi preskripsyon aktyèl ou a nan yon famasi swen alontèm.

Si kapasite w pou ou resevwa terapi medikaman w lan limite, men ou deja pase premye 90 jou yo kòm manm nan plan w lan, Humana ap kouvri yon rezèv ijans pou 31 jou *sof si* preskripsyon an ekri pou mwens pase 31 jou. Nan ka sa a, Humana ap pèmèt plizyè ranplisaj pou bay jiska yon total 31 jou pou yon medikaman Pati D ki kouvri pou ou ka kontinye terapi a pandan w ap chèche jwenn yon eksepsyon oswa yon otorizasyon alavans.

Si w ap antre nan yon etablisman swen alontèm oswa si w ap kite etablisman an, y ap pèmèt ou jwenn yon renouvèlman lè w antre oswa lè w ap kite yon etablisman, epi modifikasyon pou renouvèlman bonè yo p ap aplike.

Rezèv pou Tranzisyon pou Manm Aktyèl yo

Pandan tout ane plan an, ou ka gen yon chanjman nan anviwònman y ap ba w tretman akòz nivo swen ou bezwen an. Tranzisyon sa yo gen ladan:

- Manm yo bay egzeyat nan yon lopital oswa nan yon mezon retrèt kalifye pou ale nan yon anviwònman kay
- Manm ki jwenn admisyon nan yon lopital oswa nan yon mezon retrèt kalifye ki soti nan yon anviwònman kay
- Manm yo transfere ki soti yon mezon retrèt kalifye pou ale nan yon lòt epi ki jwenn sèvis yon famasi diferan
- Manm ki fin pase tan Pati A Medicare yo nan mezon retrèt kalifye (kote peman yo gen ladan tout frè famasi) epi ki bezwen itilize avantaj plan Pati D yo kounye a
- Manm ki soti nan estati Swen pou Soulajman pou retounen nan pwoteksyon nòmal Pati A ak B Medicare
- Manm ki jwenn egzeyat nan lopital sikyatrik kwonik ki gen rejim medikaman ki trè endividyèl

Pou chanjman sa yo nan anviwònman tretman yo, Humana ap kouvri jiska yon rezèv pou 31 jou nan yon medikaman Pati D ki kouvri. Si ou chanje anviwònman tretman plizyè fwa nan menm mwa a, ou ka gen pou mande yon eksepsyon oswa yon otorizasyon davans epi pou resevwa apwobasyon pou kontinyasyon garanti medikaman ou.

Humana ap revize demann sa yo pou terapi a ka kontinye pou chak ka lè ou sou yon rejim medikaman estabilize yo konnen ki gen risk si li chanje.

Tranzisyon Pandan Ane Kontra yo

Humana bay yon pwosesis tranzisyon pou manm aktyèl yo selon pwosesis tranzisyon ki obligatwa pou nouvo manm yo. Pou manm aktyèl yo ki gen medikaman chanjman negatif nan fòmilè a pral afekte nan ane k ap vini an, Humana pral fè yon tranzisyon ki amelyore sityasyon yo ki pral bay yon pwosesis tranzisyon nan kòmansman nouvo ane kontra a. Epitou Humana pwolonje règleman tranzisyon an sou plizyè ane kontra si yon manm enskri nan yon plan ki gen yon dat enskripsyon k ap antre anviwè swa 1ye novanm oswa 1ye desanm epi li bezwen aksè ak yon rezèv pou tranzisyon.

Fason pou Distenge nouvo preskripsyon yo

Humana garanti li pral aplike tout pwosesis tranzisyon yo pou yon nouvo preskripsyon pou medikaman ki pa sou lis medikaman fòmilè Humana a oswa ki gen egzijans jesyon pou itilizasyon l, si li pa ka fè distenksyon ant yon nouvo preskripsyon ak yon preskripsyon k ap kontinye nan kote y ap vann yo a. Pou ou distenge terapi k ap kontinye manm yo dwe genyen 108 jou istwa reklamasyon pou pi piti. Humana pral gade 180 jou apati dat manm lan kòmanse a oswa kòmansman ane plan aktyèl la, pou itilizasyon medikaman an anvan lè istwa reklamasyon yo disponib.

Avi sou Manm k Ap Fè Tranzisyon

Règleman Humana a se pou garanti yo voye yon avi sou evènman tranzisyon an bay manm lan pou reklamasyon tranzisyon an. Manm ki konplete rezèv tranzisyon yo nan plizyè ranplisaj ap resevwa yon notifikasyon pou premye ranplisaj pou tranzisyon an sèlman. Yo voye tout lèt notifikasyon sou règleman tranzisyon an bay manm yo pa kourye lapòs premye klas Etazini nan espas twa (3) jou ouvrap depi sistèm verifikasyon kote yo vann nan rekonèt ranplisaj pou tranzisyon an.

Lèt sa yo genyen ladan eleman langaj ki annapre yo:

- Rezèv pou tranzisyon yo bay la se pou yon ti tan epi yo pa ka renouvle l deyò peryòd tranzisyon an sof si yo apwouve yon eksepsyon nan fòmilè a oswa yo apwouve yon lòt otorizasyon;
- Manm lan ta dwe travay avèk Humana ansanm ak moun ki ba l preskripsyon an pou satisfè egzijans jesyon itilizasyon an oswa pou idantifye lòt terapi ki nan fòmilè Humana a epi ki gen anpil chans pou li diminye depans yo;
- Manm nan gen dwa pou li mande yon eksepsyon nan fòmilè a, nan delè pou yo trete eksepsyon an, epi dwa manm nan pou li mande yon apèl si esponsò a pran yon desizyon ki pa bon pou li; epi
- Pwosedi Humana pou mande eksepsyon.

Pou rezidan swen alontèm (LTC) ki resevwa plizyè rezèv medikaman Pati D chak 14 jou (oswa mwens), y ap voye lèt notifikasyon règleman sou tranzisyon an nan espas twa (3) jou ouvrap apre yo fin trete premye ranplisaj tanporè a.

Avi sou Moun ki Bay Preskripsyon pou Tranzisyon an

Règleman Humana a se pou asire yo voye yon avi sou evènman tranzisyon an bay moun ki bay preskripsyon an kinan dosye a pou reklamasyon tranzisyon an. Founisè yo ap resevwa yon notifikasyon pou premye ranplisaj tranzisyon an sèlman lè manm yo fini rezèv tranzisyon yo a nan plizyè ranplisaj. Lèt moun ki bay preskripsyon an bay enfòmasyon sa ki annapre yo:

- Nonmanm lan

- Dat Nesans Manm nan
- Non Medikaman
- Dat Ranplisaj la
- Modifikasyon nan Jesyon Itilizasyon
- Enstriksyon sou fason pou ou itilize zouti rechèch Lis Medikaman Founisè Humana a
- Enfòmasyon sou Pwosesis Detèminasyon Pwoteksyon Humana a

Pataj Depans pou Medikaman yo Bay atravè Règleman sou Tranzisyon an

- Si ou kalifye pou sibvansyon pou moun ki gen revni fèb, (LIS) an 2026, kopeman oswa ko-asirans ou an pou yon rezèv medikaman tanporè yo bay pandan peryòd tranzisyon w lan p ap depase limit LIS ou a.
- Pou moun ki pa enskri nan LIS, kopeman an oswa ko-asirans lan pral baze sou nivo pataj depans pou medikaman ki apwouve yo pou plan w lan epi selon nivo pataj depans Humana ta mande pou yo peye pou medikaman ki pa nan fòmilè a ki apwouve dapre yon eksepsyon pwoteksyon ak menm pataj depans pou medikaman ki nan fòmilè a ki mande modifikasyon jesyon itilizasyon yo bay pandan tranzisyon an ki ta aplike apre yo satisfè kritè jesyon itilizasyon.

Pwolongasyon Tranzisyon an

Humana pran dispozisyon pou li kontinye ba w medikaman ki nesesè yo atravè yon pwolongasyon peryòd tranzisyon an, epi yo travay sou chak ka apa, si yo pa t trete demann eksepsyon oswa rekou w la nan fen peryòd tranzisyon minimòm lan epi jiskaskè yon tranzisyon fèt (swa atravè yon chanjman pou ale nan yon medikaman ki nan fòmilè a ki apwopriye oswa yon desizyon sou yon demann eksepsyon).

Komite Famasi ak Terapi

Komite Famasi ak Terapi (P&T) a sipèvize lis medikaman fòmilè Pati D Humana a ak règleman ki gen rapò avèk li yo. Komite P&T a te kreye règleman sa yo pou sèten medikaman Pati D. Règleman yo fèt pou asire yo itilize medikaman an dapre direktiv klinik yo aksepte pou rezon medikal pou endikasyon kote yo te pwouve medikaman fyab epi li efikas epi yo preskri l dapre rekòmandasyon fabrikan an.

Apre ou fin resevwa rezèv tanporè yon medikaman Pati D w la, medikaman w lan ka bezwen yon evalyasyon medikal si:

- Li pa sou lis medikaman fòmilè a aoswa
- Li gen egzijans jesyon itilizasyon, tankou otorizasyon alavans, limit kantite, oswa egzijans terapi etap pa etap

Si sante w rete estab pandan w ap pran yon medikaman ki pa sou lis medikaman fòmilè a oswa yon medikaman ki mande otorizasyon alavans, limit sou kantite, oswa si w te eseye lòt medikaman altènativ, moun ki bay preskripsyon an ka bay Humana yon relve sou istwa klinik ou a pou ede w ak pwosesis otorizasyon alavans lan oswa pwosesis demann eksepsyon an.

Pwosedi pou Mande yon Eksepsyon oswa pou Chanje Preskripsyon

Kijan mwen ka mande yon eksepsyon?

Premye etap pou ou mande yon eksepsyon se pou ou menm oswa moun ki ba w preskripsyon an kontakte nou. Moun ki ba w preskripsyon an dwe soumèt yon relve ki sipòte demann ou an. Deklarasyon moun ki preskri medikaman an dwe endike medikaman ou mande a nesesè pou Y0040_GHHMCK9CR_C

rezon medikal pou trete pwoblèm sante w la paske okenn nan medikaman nou kouvri yo pa ta efikas tankou medikaman ou mande a oswa pa ta gen efè segondè sou ou. Si eksepsyon an mande yon otorizasyon alavans, yon limit sou kantite, oswa yon lòt limit nou mete sou medikaman sa a, deklarasyon moun ki preskri medikaman an dwe endike otorizasyon alavans lan, oswa limit lan, pa ta apwopriye akòz pwoblèm sante w la oswa li ta gen efè negatif sou ou.

Après nou soumèt deklarasyon moun ki preskri medikaman an, nou dwe fè w konnen desizyon nou pran pa pita pase 24 èdtan si yo te trete demann lan vit oswa pa pita pase 72 èdtan si demann lan se yon demann nòmal. Y ap trete demann ou an vit si nou detèmine sa a, oswa si moun ki ba w preskripsyon an fè nou konnen lavi w, sante w, oswa kapasite w pou ou reprann fonksyon maksimòm ou yo ka sou risk yon fason ki grav si w tann yon demann nòmal.

E si yo refize demann mwen an?

Si medikaman w lan pa kouvri sou lis medikaman fòmilè nou an, oswa si li kouvri sou lis medikaman fòmilè nou an men nou mete yon egzijans jesyon itilizasyon tankou otorizasyon alavans, terapi etap pa etap, oswa limit sou kantite sou li, ou ka mande nou si nou kouvri yon lòt medikaman yo itilize pou trete pwoblèm medikal ou a. Si nou kouvri yon lòt medikaman pou pwoblèm sante w la, nou ankouraje w pou ou mande moun ki ba w preskripsyon an si medikaman sa yo nou kouvri yo se yon opsyon pou ou.

Si yo refize demann ou an, ou gen dwa tou pou ou fè apèl lè w mande pou yo egzamine desizyon refi a. Ou dwe fè demann apèl sa a nan espas 65 jou sivil apre dat desizyonsou refi a.

Si ou bezwen èd pou ou mande yon eksepsyon oswa yon apèl, èd pou ou chanje pou ou ale nan yon lòt medikaman, oswa pou plis enfòmasyon sou règleman tranzisyon nou an, rele nimewo sèvis kliyantèl la ki sou do kat idantite w la. Fòm demann otorizasyon alavans ak eksepsyon yo disponib pou ou menm ak pou moun ki ba w preskripsyon an sou sitwèb Humana a, <https://www.humana.com/pharmacy/prescription-coverages/prior-authorization-medication-approvals>, oswa ou ka rele sèvis kliyantèl la pou fè yo voye yo pa lapòs, pa faks, oswa pa imèl.

Avi Piblik sou Règleman Tranzisyon an

Règleman sou Tranzisyon sa a disponib sou sitwèb Humana a,

www.humana.com/pharmacy/prescription-coverages/medicare-claim-forms, nan menm zòn kote yo afiche règleman ak fòm Medicare yo.

Avi Kont Diskriminasyon

Humana Inc. ak filyal li yo respekte lwa sou dwa sivil federal ki aplikab yo epi yo pa fè diskriminasyon oswa mete moun aleka akòz ras, koulè, relijyon, jan, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, peyi kote moun nan soti, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, desandans, gwoup etnik, eta sivil, lang, estati sante, oswa bezwen pou sèvis sante yo. Humana Inc.:

- Bay moun ki gen andikap modifikasyon rezonab ak èd ak sèvis oksilyè ki apwopriye gratis pou yo ka kominike avèk nou yon fason efikas, tankou:
 - Entèprèt lang siy ki kalifye
 - Enfòmasyon ekri nan lòt fòm (gwo lèt, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm).
- Ofri sèvis asistans lang gratis pou moun ki gen lang prensipal ki pa anglè, ki ka gen ladan:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w bezwen modifikasyon rezonab, èd oksilyè apwopriye, oswa sèvis asistans lang kontakte **877-320-1235 (TTY: 711)** . Lè yo Fonksyone: soti 8 am jiska 8 pm, lè Zòn Lès. Si w kwè Humana Inc. pa te ba w sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon akòz ras, koulè, relijyon, jan, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, peyi kote w soti, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, desandans, gwoup etnik, eta sivil, lang, estati sante, oswa bezwen pou sèvis sante, ou ka depoze yon doleyans an pèsòn oswa pa lapòs oswa voye yon imel bay Kowòdonatè Kont Diskriminasyon Humana Inc. nan PO. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618, **877-320-1235 (TTY: 711)**, oswa **accessibility@humana.com**. Si w bezwen èd pou ou depoze yon doleyans, Kowòdonatè Kont Diskriminasyon Humana Inc. kapab ede w.

Epitou ou ka depoze yon plent nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken, Biwo Dwa Sivil, sou fòm elektwonik atravè Pòtay pou Plent Biwo Dwa Sivil, ki disponib sou **<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>**, oswa pa lapòs oswa nan telefòn nan:

- U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201. **800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)**.

Manm California yo:

Epitou ou ka depoze yon plent sou dwa sivil nan Depatman Sèvis Swen Sante California, Biwo Dwa Sivil lè w rele nan nimewo **916-440-7370 (TTY: 711)**, lè w voye yon imel nan **Civilrights@dhcs.ca.gov**, oswa pa lapòs nan: Deputy Director, Office of Civil Rights, Department of Health Care Services, P.O. Box 997413, MS 0009, Sacramento, CA 95899-7413. Fòm plent yo disponib sou: **http://www.dhcs.ca.gov/Pages/Language_Access.aspx** .

Avi sa a disponib sou **www.humana.com/legal/non-discrimination-disclosure** .

Notice of Availability - Auxiliary Aids and Services Notice

English: Free language, auxiliary aid, and alternate format services are available.
Call **877-320-1235 (TTY: 711)**.

العربية [Arabic]: تتوفر خدمات اللغة والمساعدة الإضافية والتنسيق البديل مجانًا. اتصل على الرقم **877-320-1235 (الهاتف النصي: 711)**.

Հայերեն [Armenian]: Հասանելի են անվճար լեզվական, աջակցման և այլընտրանքային ձևաչափի ծառայություններ: Չանգահարե՛ք **877-320-1235 (TTY: 711)**:

বাংলা [Bengali]: বিনামূল্যে ভাষা, আনুষঙ্গিক সহায়তা, এবং বিকল্প বিন্যাসে পরিষেবা উপলব্ধ। ফোন করুন **877-320-1235 (TTY: 711)** নম্বরে।

简体中文 [Simplified Chinese]: 我们可提供免费的语言、辅助设备以及其他格式版本服务。请致电 **877-320-1235 (听障专线: 711)**。

繁體中文 [Traditional Chinese]: 我們可提供免費的語言、輔助設備以及其他格式版本服務。請致電 **877-320-1235 (聽障專線: 711)**。

Kreyòl Ayisyen [Haitian Creole]: Lang gratis, èd oksilyè, ak lòt fòm sèvis disponib. Rele **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Hrvatski [Croatian]: Dostupni su besplatni jezik, dodatna pomoć i usluge alternativnog formata. Nazovite **877-320-1235 (TTY: 711)**.

فارسی [Farsi]: خدمات زبان رایگان، کمک های اضافی و فرمت های جایگزین در دسترس است. با **877-320-1235 (TTY: 711)** تماس بگیرید.

Français [French]: Des services gratuits linguistiques, d'aide auxiliaire et de mise au format sont disponibles. Appeler le **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Deutsch [German]: Es stehen kostenlose unterstützende Hilfs- und Sprachdienste sowie alternative Dokumentformate zur Verfügung. Telefon: **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Ελληνικά [Greek]: Διατίθενται δωρεάν γλωσσικές υπηρεσίες, βοηθήματα και υπηρεσίες σε εναλλακτικές προσβάσιμες μορφές. Καλέστε στο **877-320-1235 (TTY: 711)**.

ગુજરાતી [Gujarati]: નિ:શુલ્ક ભાષા, સહાયક સહાય અને વૈકલ્પિક ફોર્મેટ સેવાઓ ઉપલબ્ધ છે. **877-320-1235 (TTY: 711)** પર કોલ કરો.

עברית [Hebrew]: שירותים אלה זמינים בחינם: שירותי תרגום, אביזרי עזר וטקסטים בפורמטים חלופיים. נא התקשר למספר **877-320-1235 (TTY: 711)**

हिन्दी [Hindi]: नि:शुल्क भाषा, सहायक मदद और वैकल्पिक प्रारूप सेवाएं उपलब्ध हैं। **877-320-1235 (TTY: 711)** पर कॉल करें।

Hmoob [Hmong]: Muaj kev pab txhais lus, pab kom hnov suab, thiab lwm tus qauv pab cuam. Hu **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Italiano [Italian]: Sono disponibili servizi gratuiti di supporto linguistico, assistenza ausiliaria e formati alternativi. Chiama il numero **877-320-1235 (TTY: 711)**.

日本語 [Japanese]: 言語支援サービス、補助支援サービス、代替形式サービスを無料でご利用いただけます。**877-320-1235 (TTY: 711)** までお電話ください。

This notice is available at <https://www.humana.com/legal/multi-language-support>.

GHHNOA2025HUM_0425

ភាសាខ្មែរ [Khmer]: សេវាកម្មផ្នែកភាសា ជំនួយ និង សេវាកម្មជូនម្រងផ្សេងៗជំនួយសមាជិក
រកបាន។ ទូរសព្ទទៅលេខ **877-320-1235 (TTY: 711)**។

한국어 [Korean]: 무료 언어, 보조 지원 및 대체 형식 서비스를 이용하실 수 있습니다.
877-320-1235 (TTY: 711)번으로 문의하십시오.

ພາສາລາວ [Lao]: ມີການບໍລິການດ້ານພາສາ, ອຸປະກອນຊ່ວຍເຫຼືອ ແລະ ຮູບແບບທາງເລືອກອື່ນ
ໃຫ້ໃຊ້ຟຣີ. ໂທ **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Diné [Navajo]: Saad t'áá jiik'eh, t'áadoole'é binahjì' bee adahodooníígíí diné bich'í'
anídahazt'í'í, dóó łahgo át'éego bee hada'dilyaaígíí bee bika'aanída'awo'í dahóló. Kohjì'
hodíílnih **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Polski [Polish]: Dostępne są bezpłatne usługi językowe, pomocnicze i alternatywne formaty.
Zadzwoń pod numer **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Português [Portuguese]: Estão disponíveis serviços gratuitos de ajuda linguística auxiliar e
outros formatos alternativos. Ligue **877-320-1235 (TTY: 711)**.

ਪੰਜਾਬੀ [Punjabi]: ਮੁਫ਼ਤ ਭਾਸ਼ਾ, ਸਹਾਇਕ ਸਹਾਇਤਾ, ਅਤੇ ਵਿਕਲਪਿਕ ਫਾਰਮੈਟ ਸੇਵਾਵਾਂ ਉਪਲਬਧ ਹਨ।
877-320-1235 (TTY: 711) 'ਤੇ ਕਾਲ ਕਰੋ।

Русский [Russian]: Предоставляются бесплатные услуги языковой поддержки,
вспомогательные средства и материалы в альтернативных форматах. Звоните по номеру
877-320-1235 (TTY: 711).

Español [Spanish]: Los servicios gratuitos de asistencia lingüística, ayuda auxiliar y
servicios en otro formato están disponibles. Llame al **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Tagalog [Tagalog]: Magagamit ang mga libreng serbisyong pangwika, serbisyo o device na
pantulong, at kapalit na format. Tumawag sa **877-320-1235 (TTY: 711)**.

தமிழ் [Tamil]: இலவச மொழி, துணை உதவி மற்றும் மாற்று வடிவ சேவைகள் உள்ளன.
877-320-1235 (TTY: 711) ஐ அழைக்கவும்.

తెలుగు [Telugu]: ఉచిత భాష, సహాయక మద్దతు, మరియు ప్రత్యామ్నాయ ఫార్మాట్ సేవలు
అందుబాటులో గలవు. **877-320-1235 (TTY: 711)** కి కాల్ చేయండి.

-**877-320-1235 (TTY: 711)** اردو [Urdu]: مفت زبان، معاون امداد، اور متبادل فارمیٹ کی خدمات دستیاب ہیں۔

Tiếng Việt [Vietnamese]: Có sẵn các dịch vụ miễn phí về ngôn ngữ, hỗ trợ bổ sung và định
dạng thay thế. Hãy gọi **877-320-1235 (TTY: 711)**.

አማርኛ [Amharic]: ቋንቋ፣ አገዥ ማዳመጫ እና አማራጭ ቅርፅ ሆላቸው አገልግሎቶችዎ ይገኛሉ። በ
877-320-1235 (TTY: 711) ላይ ይደውሉ።

Bàsà [Bassa]: Wuḍu-xwíníín-mú-zà-zà kùà, Hwòdǒ-fáńa-nyo, kè nyo-boŭn-po-kà bé bé
nyuεε se wídí péè-péè dò ko. **877-320-1235 (TTY: 711)** dá.

Bekee [Igbo]: Asụsụ n'efu, enyemaka nkwarụ, na ọrụ usoro ndị ọzọ dị. Kpọọ **877-320-1235 (TTY: 711)**.

Òyìnbó [Yoruba]: Àwọn isẹ àtilẹhin ìrànlowó èdè, àti ònà kíkà mírán wà lárọwótó. Pe
877-320-1235 (TTY: 711).

नेपाली [Nepali]: भाषासम्बन्धी निःशुल्क, सहायक साधन र वैकल्पिक फार्मेट (ढाँचा/व्यवस्था)
सेवाहरू उपलब्ध छन् । **877-320-1235 (TTY: 711)** मा कल गर्नुहोस् ।